



# Konnen Dwa ou ak Resous ki disponib pou ou

*Defann jistis ak dwa pou tout moun nan Chicago*

**BIWO DWA IMIGRAN, MIGRAN AK  
REFIJE (IMRR)**

# Remèsiman

Nou vle ekspriye rekonesans nou ak tout moun ki te kontribye nan kreyasyon gid sa a. Sipò nou, ekspètiz nou, ak devouman nou te inestimab pandan tout pwosesis sa a.

Nou vle pou tout moun konprann enfòmasyon ki bay nan gid sa a pa dwe konsidere kòm konsèy legal. Li pa kouvri tout detay oswa sitiyasyon ou bezwen konnen epi li fèt sèlman kòm yon pwèn depa. Nou ankouraje ou pou ou cheche konsèy pwofesyonèl ki adapte ak bezwen spesifik ou yo.

Nou ekspriye rekonesans sensè nou pou òganizasyon sa yo pou sipò san fay yo bay kominote imigran ak refijye an. Resous ak devouman nou yo te yon sous enspirasyon nan kreyasyon manyèl sa a.

***American Civil Liberties Union***

***Illinois Coalition for Immigrant and Refugee Rights***

***Make the Road New York***

***National Immigrant Justice Center***

***The Resurrection Project***



# Definisyon Kle

Definisyon Ajans, Depatman, ak Antite ki Mansyone nan Manyèl sa a

## Ajans Federal ak Pwosesis yo

**Ajans Imigrasyon ak Ladwan (ICE):** ICE gen otorite pou ranfòse lwa imigrasyon atravè tout Etazini. ICE se bra polisye Depatman Sekirite Enteryè (DHS).

**Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS):** USCIS trete aplikasyon pou benefis imigrasyon, tankou rezidans pèmanan, sitwayènte, ak lòt estati imigrasyon.

**Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè Etazini (CBP):** CBP gen otorite pou ranfòse lwa imigrasyon sou yon distans 161 kilomet apati nenpot fwontye maritim oswa teres peyi Etazini.

**Manda ICE:** Yon manda ICE odone divès ajan federal imigrasyon pou arete moun ki nonmen nan manda a. Paske manda sa a pa soti nan men yon jij, li pa bay ajan ICE otorite pou antre nan yon kay oswa espas prive pou fè arestasyon an.

**Demann detansyon ICE:** yon demann detansyon ICE se yon demann ekri kote yon prizon lokal oswa yon lòt ajans ranfòsman lalwa mande pou kenbe yon moun pou yon peryòd adisyonèl 48 èdtan apre dat yo te sipoze lage li a. Sa a bay ajan ICE plis tan pou yo deside si y ap mete moun nan nan yon prizon federal pou yo depote li.

## Ajans ak Depatman Vil Chicago

**Depatman Lapolis Chicago (CPD):** CPD se prensipal ajans ranfòsman lalwa nan vil Chicago. Li pa responsab pou ranfòse lwa imigrasyon.

**Biwo Majistra pou Dwa Imigran, Migran, ak Refijye (IMRR):** IMRR te kreye an 2023 pou ankouraje enklizyon ak tretman ekitab pou imigran, migran, ak refijye nan Chicago.

**Depatman Fanmi ak Sèvis Sipò (DFSS):** DFSS dedye a sipòte sèvis ki amelyore lavi rezidan Chicago, espesyalman moun ki nan nesosite soti depi le yo fet pou rive nan lavyeyes.

**Biwo Jesyon Ijans (OEMC):** OEMC prepare Chicago pou sitiyoasyon ijans, ede nan rekiperasyon apre dezaz, diminye enpak dezaz, epi lè sa posib, evite oswa redwi yo.

**Depatman Sante Piblik Chicago (CDPH):** CDPH bay konsèy, sèvis, ak estrateji pou fè Chicago vini yon vil pi an sante ak pi an sekirite.

## Lwa Vil ak Eta

**Òdonans Vil Akey:** Yon lwa nan Chicago ki asire pou tout imigran ak refijye ki ap viv na Chicago jwenn bon tretman nan diyite ak respe, iwa sa a pwoteje yo kont diskriminasyon epi ankouraje enklizyon nan sèvis vil yo.

**Lwa Konfyans Illinois:** se yon lwa eta Illinois lan ki jeneralman anpeche sevis fos lod lokal yo patisipe nan aplikasyon ak ranfosman lwa imigrasyon yo.

**Lwa Illinois Ways Forward:** yon lwa nan leta Illinois ki entedi anplwaye gouvènman ak fos lod lokal yo pou yo patisipe nan aplikasyon ak ranfosman lwa imigrasyon nasyonal yo. Lwa sa a tou fini ak koze detansyon imigran nan leta Illinois lan.



## CHICAGO SE YON VIL AKEY

Chicago se premye vil nan rejyon Midwes Etazini ki te rantre nan mouvman Vil Akey la.

Nan lane 1985, anba lidèchip Harold Washington, premye majistra nwa nan vil la, Chicago fè gwo pa pou akeyi imigran ak moun ki soti nan kouch sosyal. Yo te entèdi responsab vil yo mande enfòmasyon sou stati imigrasyon moun.

Nan lane 2012, Chicago te adopte Òdonans Vil Akey la, yon lwa istorik ki gen objektif pou li fè vil la vin pi akeyan pou imigran, refijye, ak moun ki gen diferan orijin.

Òdonans lan garanti pou yo pa refize bay sevis bay okenn rezidan vil lan sou baz stati imigrasyon yo.

Li bay aksè a sèvis esansyèl nan vil la, tankou swen sante, edikasyon, ak lojman, san okenn menas deportasyon.

Li limite tou fason fòs lod lokal yo ka kolabore ak otorite imigrasyon federal yo.

Adopte stati Vil Akey la pa Sèlman yon Politik— Se yon Pwomès. Se yon pwomès pou onore kontribisyon imigran ak refijye yo, selebre divèsite kòm yon fòs, epi kenbe valè ekite ak respè ki defini nou kòm yon kominote.



**ÒDONANS VIL AKEL**



# KONNEN DWA OU LÈ WAP ENTERAJI AK AJAN IMIGRASYON (ICE)

- **Si ou panse ou se temwen yon aktivite ICE**, tanpri rele Nimewo ijans ICIRR ki disponib 24 sou 24 nan 1-855-HELP-MY-FAMILY (1-855-435-7693) pou rapòte aktivite sa a.
- **Si w ap entèraje ak yon ajan ICE nan nenpòt kote, tankou nan travay ou oswa nan kominote a, sonje:**
  - Gen dwa pou rete an silans lè ajan imigrasyon poze ou kesyon oswa arete ou.
  - Dwe rete kalm epi kite men ou on jan pou ajan imigrasyon an ka byen we yo
  - BAGAY POU OU PA FE:
    - Diskite sou estati imigrasyon ou oswa sitwayènte ou ak polis, ajan imigrasyon, oswa lòt ofisyèl yo.
    - Siyen yon dokiman ou pa konprann. Sa pou ou fe: Deklare ou vle pale ak yon avoka ak yon avoka.
- **Si yon ajan frape pòt ou lakay ou:** PA louvri pòt la. Anseye timoun ou yo pou yo pa louvri pòt la.
  - Ajan ICE dwe gen yon mandaki pote siyati yon jij pou yo gen dwa antre lakay ou. Sa yo rele "manda ICE" yo pa pote siyati jij, sa yo se senp dakiman yon ajan ICE siyen; yo se fòm ICE ki siyen pa ajan ICE. Yo pa bay ajan ICE oswa ajan fos lod yo antre lakay ou san ou pa ba yo pemisyon pou sa
- **Si ou nan laru epi ou sispek gen yon ajan imigrasyon tou pre ou lan:**
  - Cheche mete ko w nan yon kote ou ap an sekirite
  - Si ou se yon sitwayen ameriken epi ou santi w an sekirite pou fè sa, anrejistre aktivite a ak telefòn ou oswa ekri nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak sa w temwaye— TOUJOU pran prekosyon pou pa entèfere oswa bloke operasyon an.
- **PA FÈ SA:**
  - Pibliye enfòmasyon ki pa verifye sou rezo sosyal yo
  - Entèfere ak investigasyon an oswa mete tèt ou an danje nan nenpòt fason



ILLINOIS COALITION  
FOR IMMIGRANT  
& REFUGEE RIGHTS

## KONNEN DWA OU LÈ WAP ENTÈRAJI AK AJAN IMIGRASYON (ICE)

**Etabli yon plan sekirite pou fanmi ou itilize si ICE arete ou. Kisa plan sekirite w lan dwe gen ladan li:**

- Idantiye yon moun ou konnen ou ka rele si ou gen ijans epi memorize nimewo telefon li
- Bay lekòl oswa gadri pitit ou non ak nimewo yon moun ki ka vin cheche pitit ou sizoka.
- Ekri yon let ki otorize moun ou chwazi pou sa a ka pran desizyon medikal ak legal pou pitit ou.
- Di moun ki pwoch ou yo si ICE arete ou, yo ka eseye itilize Isit lokalizasyon ICE la pou jwenn ou: [locator.ice.gov](http://locator.ice.gov)
- Si yo arete ou, li enpòtan pou ou chèche reprezantasyon legal. Rele 1-855-435-7693 pou konekte ak yon avoka imigrasyon.

### **Resous Adisyonèl**

**National Immigrant Justice Center's Asistans Legal pou Depòtasyon**

[\\_immigrantjustice.org](http://immigrantjustice.org)

**Organized Communities Against Deportations' Gid Resous**

[\\_organizedcommunities.org](http://organizedcommunities.org)

**BEZWEN SIPÒ? RELE LINIY SIPÒ FANMI ICIRR: 1-855-435-7693**

# **I KNOW AND HAVE THE RIGHT TO EXERCISE MY RIGHTS**

**YOU CANNOT ENTER PRIVATE PROPERTY  
WITHOUT A VALID JUDICIAL WARRANT**

---

**IF YOU HAVE A VALID JUDICIAL WARRANT,  
SLIDE IT UNDER THE DOOR**

---

**IF YOU DO NOT HAVE A VALID JUDICIAL  
WARRANT, YOU DO NOT HAVE THE RIGHT TO  
ENTER MY HOME OR PRIVATE PROPERTY**

---

**I WILL NOT ANSWER ANY QUESTIONS AND I  
WILL CALL MY ATTORNEY**



# **MWEN KONN DWA MWEN EPI MWEN GEN DWA EGZESE YO**

**OU PAKA RANTE NAN YON PWOPRIYETE  
PRIVE SAN YON MANDA JIDISYE KI VALID**

---

**SI OU GEN YON MANDA JIDISYÈ VALID,  
POUSE L ANTRE ANBA PÒT LA.**

---

**SI OU PA GEN YON MANDA JIDISYÈ VALID,  
OU PA GEN DWA RANTRE LAKAY MWEN  
OSWA PWOPRIYETE PRIVE MWEN.**

---

**MWEN PAP REPONN OKENN KESYON EPI M  
AP RELE AVOKA MWEN.**





# Plan Dijans Fanmi

Chak fanmi ta dwe gen yon plan dijans. Pakè sa a ede w kreye yon plan, kèlkeswa estati imigrasyon ou.

Li gen ladan modèl pou òganize kontak dijans, kreye yon lis moun ki ka ede ak ka w la, dokiman enpòtan, epi, si sa nesèsè, yon gadyen tanporè.

## Fè yon Plan pou ede pitit ou

### Pale ak pitit ou de plan sa a

- Rasire pitit ou: di yo yo pral jwenn bon swen nan men moun w ap chwazi pou okipe yo si ou pa ta la a, epi di yo kilès ki pral pran swen yo jiskaske ou kapab tounen.

### Chwazi yon moun ki pral pran swen timoun ou yo si ou pa kapab fè sa.

- Pale ak moun ki ka pran swen timoun ou yo sou posibilite pou yo vin kontak dijans.
- Memorize nimewo telefòn yo, epi asire timoun ou yo memorize tounen.
- Fè timoun ou yo konne kiyès ki gen dwa ak kiyès ki pa gen dwa vin cheche yo lekòl, epi kilès ki pral pran swen yo.
- Sel moun Lekòl pitit ou ap remet timoun nan se bay moun ou te dezinye pou sa a.
- Toujou asire ou pou dokiman kontak ijans ou an a jou ak otorizasyon pou lekòl, pwogram aprè lekòl, gadri, ak lòt pwogram.
- Dokiman sa dwe gen non moun ki gen dwa ak ki pa gen dwa vin cheche pitit ou

### Ekri Enstriksyon sou eta sante ak Medikaman Timoun ou yo

- Ekri ekri tout maladi pitit ou soufri, alèji, medikaman yo, doktè yo, ak detay asirans sante yo.
- Kenbe yon kopi nan fichye dijans ou.
- Remet yon kopi enstriksyon sa yo bay lekòl timoun ou ak moun ou deziyen pou pran swen yo.
- Asire timoun ou konnen kote pou jwenn enfòmasyon sa yo si sa nesèsè.

### Asire Tout Timoun ou yo Gen Paspò

- Si timoun ou te fèt nan Etazini, vizite [www.travel.state.gov](http://www.travel.state.gov) pou jwenn enfòmasyon sou paspò Etazini.
- Si timoun ou te fèt nan peyi ou, tcheke avèk anbasad oswa konsila peyi ou pou jwenn paspò pou yo. Ou ka tou anrejistre nesans timoun ou ki fèt Ozetazini ak gouvènman peyi ou (egzanp nan konsila peyi ou) pou potansyèl benefis, ki ka gen ladan posibilite pou yo vin sitwayen peyi ou.

## Èske mwen oblije anplwaye yon avoka epi ale nan tribinal pou mande yon gadyen pou timoun mwen yo?

Pa nesèsèman. Gen plizyè kalite gadyen dapre lwa Illinois.

- Gadyen plenè (alontèm) ak gadyen rezèv mande pou ale nan tribinal.
  - Nan Chicago, ou ka depoze ka sa yo san yon avoka; Biwo Asistans Gadyen ki nan 69 W. Washington ka ede w ak dokiman yo.
- Gadyen tanporè pa mande pou tribinal entèvni.
  - Pou kreye yon gadyen tanporè, tou de paran ak gadyen an dwe siyen yon fòm devan de temwen.
  - Yon gadyen tanporè dire jiska 365 jou, men paran an ka anile li nenpòt ki lè.

### Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou gadyen nan Illinois?

Chicago Volunteer Legal Services  
<https://www.cvl.org/> (312) 332-1624

Illinois Legal Aid Online  
<https://www.illinoislegalaid.org/>

### Gid Planifikasyon Fanmi





# Aksè ak Swen Sante

Sous: Illinois Coalition for Immigrant & Refugee Rights

## ★ Aksè ak Swen Sante: San Asirans ak San Dokiman

Gen resous limite pou moun ki san dokiman ak san asirans, sepandan gen kèk opsyon ki disponib ki ka ede:

- **Sant Sante Kalifye Federalman (Federally Qualified Health Centers):** Nenpòt moun ka resevwa swen medikal kèlkeswa estati legal yo. Sant sa yo ofri yon seri sevis, epi pri yo depann de kantite kob ou fe.
- **Sant Sante Kominotè (Community Health Centers):** Gen klinik kominotè ki ofri swen medikal konplè pou popilasyon ki pa gen ase resous, kèlkeswa estati legal yo. Pou plis enfòmasyon sou klinik sante kominotè yo, tanpri vizite kòd QR la.



## ★ Èske mwen kalifye pou swen sante?

Gen resous limite ki disponib pou imigran san papyè. Sepandan, gen kèk opsyon ki disponib:

- **Sèvis Medikal Dijans:** Kèlkeswa estati legal, imigran san papyè gen dwa resevwa sèvis medikal dijans dapre lwa federal. Maksimòm kouvèti se 30 jou swen epi jiskaske pasyan an estabilize.
- **Pwogram All Kids:** Illinois bay yon pwogram swen sante konplè pou timoun ki poko gen 19 an kèlkeswa estati legal yo. All Kids kouvri vizit kay doktè, medikaman, swen vizyon ak dantè, ak lopitalizasyon.
- **Cook County CountyCare:** Sa se yon pwogram Medicaid ki te kreye atravè Affordable Care Act. CountyCare bay sèvis medikal konplè, medikaman, swen vizyon ak dantè pou tout moun kèlkeswa estati legal yo.
- **Moms & Babies:** Sa se yon plan asirans konplè pou moun ansent. Plan asirans lan kouvri jiska yon ane apre fen gwosès la.
- **Affordable Care Act:** Sa se yon plan ekspansyon Medicaid pou Sitwayen Ameriken oswa Moun ki pa sitwayen Ameriken kalifye.
- **Benefis Sante pou Granmoun Aje Imigran yo:** Sa se yon pwogram asirans sante pou moun ki gen 65 an oswa plis. Moun yo pa ka kalifye pou Medicaid oswa Medicare. Pami moun sa yo ou jwenn: ladan moun ki san papyè, moun ki gen kat vèt mwens pase 5 ane, oswa moun ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS).
- **Benefis Sante pou Granmoun Imigran yo:** Sa se yon pwogram asirans sante pou moun ki gen laj ant 42-64 an ki pa kalifye pou Medicare oswa Medicaid.

# RAPÒTE DISKRIMINASYON

Nenpòt moun ka depoze yon plent pou diskriminasyon kèlkeswa estati imigrasyon yo, avèk nou sou entènèt nan [chicago.gov/cchr](http://chicago.gov/cchr) gratis. Nou ofri sèvis entèpretasyon lang ak ASL (Lang Siy Ameriken) gratis.

Èske mwen ka rapòte diskriminasyon oswa abi san yo pa depote m pou sa? Wi. Vil Chicago gen règleman ki etabli pou anpeche fòs lokal poze kesyon sou estati imigrasyon lè yo rapòte krim.

Diskriminasyon se tretman diferan ki fèt avèk entansyon oswa ki deja reyalize kont moun oswa gwoup sosyal poutèt sèten karakteristik yo genyen.

Lòd sou Dwa Moun Chicago ak Lòd sou Lojman Ekitab yo entèdi diskriminasyon nan Vil Chicago nan domèn sa yo kèlkeswa estati imigrasyon:

- Lojman
- Travay
- Transaksyon Kredi
- Akomodasyon Piblik
- 

Ak tout diskriminasyon baze sou afilyasyon yon moun nan yon klas pwoteje, ki gen ladan:

- Estati Militè
- Orijin Nasyonal
- Estati Paran
- Reprezay
- Oryantasyon Seksyèl
- Sous Revni
- Istwa Kredi (sèlman pou travay)
- Istwa Kriminèl (sèlman pou travay)
- Relijyon
- Ras
- Laj (40 an oswa plis)
- Anseyan
- Otonomi Kò
- Koulè
- Andikap
- Idantite seksyèl
- Eta Sivil
- Sèks (ki enkli gwosès ak asèlman seksyèl)

Eskane isit la pou aprann plis!



## KRIM RAYISANS AK ENSIDAN RAYISANS

Yon **krim rayisans** se yon zak kriminèl ki motive pa prejije kont yon klas pwoteje, sa vle di: ras, koulè, sèks, laj, relijyon, andikap, orijin nasyonal, desandans, oswa oryantasyon seksyèl.

**KRIM + RAYISANS =  
KRIM RAYISANS**

**Rele 911!**

Rapòte **KRIM RAYISANS** bay Polis Chicago

Yon **ensidan rayisans** se yon zak ki pa kriminèl ki motive pa prejije kont yon klas pwoteje, tankou: ras, koulè, sèks, laj, relijyon, andikap, orijin nasyonal, desandans, oswa oryantasyon seksyèl.

**AK KI PA KRIMINÈL + RAYISANS =  
ENSIDAN RAYISANS**

**Rele 311!**

Rapòte **ENSIDAN RAYISANS** bay Vil la



## SÈVIS LEGAL

Fon Pwoteksyon Legal Chicago kolabore avèk National Immigrant Justice Center (NIJC) ak The Resurrection Project pou bay sèvis sa yo pou imigran:

- Sensibilizasyon nan kominote a
- Edikasyon
- Evalyasyon legal
- Reprizantasyon nan tribinal

NIJC ofri evalyasyon legal gratis, fòmasyon "Konnen Dwa Ou," ak reprizantasyon imigrasyon pou imigran ak fanmi ki elijib epi ki abite nan limit vil Chicago.

**POU W JEWNN YON RANDEVOU AK YON AVOKA  
OSWA YON REPRIZANTAN LEGAL  
RELE (312) 660-1370**

### **MOUN KI NAN DETANSYON KA RELE:**

- **NIJC Detention Project:** (773) 672-6599, chak madi soti 11:00 a.m. rive 2:00 p.m.
- **Biwo Defansè Piblik Cook County:** (312) 603-0636

### **RESOUS LEGAL LÒKAL**



ICIRR List



A2J List



World Relief List



Welcome to IL



## Resous Adisyonèl

**Divizyon Imigrasyon nan Biwo Defansè Piblik Cook County :** Li vize pwoteje kliyan ki pa sitwayen kont depòtasyon.

- **Imèl:** PDimmigrationunit@cookcountyil.gov
- **Telefòn:** (312) 603-0636

**Komite Òganize Kont Depòtasyon (OCAD):** Yon gwoup òganizatè ki lite kont depòtasyon ak kriminalizasyon imigran ak moun koulè.

- **Liniy Sipò Depòtasyon:** (855) 435-7693

**National Lawyers Guild Chicago:** Fonde pou ini avoka, etidyan lalwa, travayè legal, ak avoka nan prizon.

- **Imèl:** chicagoimmigrantdefense@gmail.com
- **Telefòn:** (312) 274-9808

**Koalisyon pou Dwa Imigran ak Refijye nan Illinois (ICIRR):** Yon kowalisyon òganizasyon an fave imigran ki ankouraje dwa imigran ak refijye.

- **Liniy Sipò Fanmi:** 1-855-435-7693

**National Alliance on Mental Illness (NAMI):** Ankouraje byennèt kominotè, amelyore aksè nan swen sante mantal, epi sipòte fanmi, pwofesyonèl, ak moun nan Chicago ak lòt kote.

- **Nimewo sipo NAMI:** (833) 626-4244

**Jistis nan imigrasyon - The Resurrection Project (TRP):** Travay pou yon avni kote tout imigran gen libète, menm opòtinite pou briye, eksperimante kontantman, epi resevwa respè kòm moun konplè.

- **Imèl:** info@resurrectionproject.org
- **Telefòn:** 312-666-1323



# Founisè Legal pou Imigrasyon nan Chicago

Last Updated: September 2024



Òganizasyon ki pi ba yo bay sèvis legal ak sevis legal nan sa ki gen a we ak imigrasyon gratis atravè Illinois Access to Justice (ILA2J) nan Chicago ak Cook County. Moun ki pa gen estati legal pèmanan epi ki swa abite nan Illinois OSWA ki nan detansyon ak gen yon ka depòtasyon devan Tribinal Imigrasyon Chicago ka elijib pou sèvis ILA2J.

## Sèvis Legal Espesyalize nan Imigrasyon

### Azil

*Si w ap chèche azil oswa w pè retounen nan peyi ou, ajans sa yo ka kapab ede w:*

- Ascend Justice
- Beyond Legal Aid
- Centro de Información
- Chicago Volunteer Legal Services
- Children's Legal Center
- Erie Neighborhood House
- Farmworker and Landscape Advocacy Project
- Greater Chicago Legal Clinic
- HANA Center
- Instituto del Progreso Latino
- Legal Aid Chicago
- Middle Eastern Immigrant & Refugee Alliance (MIRA)
- National Immigrant Justice Center
- North Suburban Legal Aid Clinic (NSLAC)
- RefugeeOne
- Syrian Community Network
- The Resurrection Project
- United African Organization
- University YMCA (New American Welcome Center)
- Vietnamese Association of Illinois
- World Relief Chicagoland

### Viktim Vyolans

*Si w se viktim yon krim, vyolans domestik, eksplwatasyon travay oswa lòt fòm vyolans, ajans sa yo ka kapab ede w:*

- Alianza Hispanoamericana
- Ascend Justice
- Beyond Legal Aid
- Casa Michoacan
- Catholic Charities
- Centro de Información
- Centro Romero
- Chicago Volunteer Legal Services
- Children's Legal Center
- Erie Neighborhood House
- Farmworker and Landscape Advocacy Project
- Greater Chicago Legal Clinic
- HANA Center
- Indo-American Center
- Instituto del Progreso Latino
- Legal Aid Chicago
- Metropolitan Family Services
- National Immigrant Justice Center
- North Suburban Legal Aid Clinic (NSLAC)
- Raise The Floor Alliance
- RefugeeOne
- Syrian Community Network
- The Resurrection Project
- University YMCA (New American Welcome Center)
- Vietnamese Association of Illinois

### Defans kont Depòtasyon

*Si ou menm oswa yon moun ou renmen gen yon ka nan Tribinal Imigrasyon Chicago, men ou pa nan detansyon, ajans sa yo ka kapab ede w:*

- Ascend Justice
- Beyond Legal Aid
- Centro de Información
- Chicago Volunteer Legal Services
- Children's Legal Center
- Erie Neighborhood House
- Greater Chicago Legal Clinic
- Legal Aid Chicago
- National Immigrant Justice Center
- North Suburban Legal Aid Clinic (NSLAC)
- RefugeeOne
- The Resurrection Project

### Moun ki nan Detansyon

*Si ou menm oswa yon moun ou renmen nan detansyon imigrasyon, ajans sa yo ka kapab ede w:*

- Beyond Legal Aid
- Center for Informacion
- Erie Neighborhood House
- National Immigrant Justice Center
- North Suburban Legal Aid Clinic (NSLAC)
- The Resurrection Project

## Sèvis Legal Jeneral pou Imigrasyon

*Pou konsiltasyon jeneral sou tout lòt pwoblèm imigrasyon, ajans sa yo ka kapab ede w:*

- Alianza Hispanoamericana
- Ascend Justice
- Beyond Legal Aid
- Casa Michoacan
- Catholic Charities
- Centro de información
- Centro Romero
- Chicago Volunteer Legal Services
- Chicago Workers Collaborative
- Children's Legal Center
- Erie Neighborhood House
- Farmworker and Landscaper Advocacy Project
- Greater Chicago Legal Clinic
- HANA Center
- Hispanic American Community Education and Services
- Indo-American Center
- Instituto del Progreso Latino
- Jewish Child and Family Services
- Legal Aid Chicago
- Middle Eastern Immigration & Refugee Alliance
- Muslim Women Resource Center
- National Immigrant Justice Center
- North Suburban Legal Aid Clinic (NSLAC)
- RefugeeOne
- Spanish Community Center
- Syrian Community Network
- The Resurrection Project
- United African Organization
- University YMCA
- Vietnamese Association of Illinois

# Founisè Legal pou Imigrasyon nan Chicago



Enfòmasyon sou kijan ou ka antre an kontak ak Òganizasyon yo

## Alianza Hispanoamericana

- Call 847-428-3682, Email [legal@alianzanfp.org](mailto:legal@alianzanfp.org)
- Visit [alianzanfp.org](http://alianzanfp.org)
- 600 Spring Hill Ring Road, Suite 107 West Dundee, IL 60118

## Ascend Justice

- Email [intake@ascendjustice.org](mailto:intake@ascendjustice.org)
- Visit [ascendjustice.org](http://ascendjustice.org)
- 177 N State Street, Suite 500, Chicago, IL 60601

## Beyond Legal Aid

- Call 312-999-0056, Email [info@beyondlegalaid.org](mailto:info@beyondlegalaid.org)
- Visit [beyondlegalaid.org](http://beyondlegalaid.org)
- Call 872-267-CALA for the immigration helpline (limited advice only)
- 17 N. State St. Ste 1380, Chicago, IL 60602
- Language: English, Spanish, Vietnamese

## Casa Michoacan

- Call 312-491-9317
- 1638 S Blue Island Ave, Chicago, IL 60608

## Catholic Charities

- Call 312-655-7000
- Visit [catholiccharities.net](http://catholiccharities.net)
- 721 N LaSalle St, Chicago, IL 60654

## Centro de Informacion

- Call 847-695-9050 Ext 300, Email [centro@centrodeinformacion.org](mailto:centro@centrodeinformacion.org)
- Visit [centrodeinformacion.org](http://centrodeinformacion.org)
- 1885 Lin Lor Lane, Elgin, IL 60123

## Centro Romero

- Visit [centroromero.org/legal-services](http://centroromero.org/legal-services)
- 6216 N Clark St, Chicago, IL 60660

## Chicago Volunteer Legal Services

- Call 773-282-0185
- Visit [cvls.org](http://cvls.org)
- 33 N Dearborn St, Chicago IL 60602
- Language: English, Spanish, Polish, Arabic

## Children's Legal Center

- Call 312-722-6642, Email [intake@childrenslegalcenterchicago.org](mailto:intake@childrenslegalcenterchicago.org)
- Visit [www.childrenslegalcenter.org](http://www.childrenslegalcenter.org)
- 1100 W Cermak Rd, Suite 422, Chicago, IL 60608
- Language: Dari, Pashto, French, Spanish, interpreters available

## Erie Neighborhood House

- Call 773-231-7884, Email [eriehouseimmigration@gmail.com](mailto:eriehouseimmigration@gmail.com)
- Multiple locations in Chicago

## Farmworker and Landscaper Advocacy Project

- Call 888-451-3527, Email [info@flapillinois.org](mailto:info@flapillinois.org)
- 100 N La Salle St, Chicago, IL 60602

## Greater Chicago Legal Clinic

- Call 312-726-2938
- Visit <https://gclclaw.org/contact-us>
- 17 N State St, Ste 1710, Chicago IL 60602

## HANA Center

- Call 773-582-5501, text 773-917-7856, email [immigration@hanacenter.org](mailto:immigration@hanacenter.org)
- Visit [hanacenter.org/ils](http://hanacenter.org/ils)
- 4300 N California Ave, Chicago, IL 60618
- Language: Korean, Spanish, English

## HACES

- Call 847-244-0300, Email [cruiz@haces.org](mailto:cruiz@haces.org)
- Visit [haces.org](http://haces.org)
- 820 W Greenwood Ave, Waukegan, IL 60085

## Indo-American Center

- Call 773-973-4444, Email [immigration@indoamerican.org](mailto:immigration@indoamerican.org)
- 6328 N California Ave, Chicago, IL 60659
- Language: Hindi, Urdu, Gujarati, Bangla, Arabic, French, Punjabi, Marathi, Telugu, Spanish

## Instituto del Progreso Latino

- Call 773-890-0055 ext. 4596
- Visit [institutochicago.org](http://institutochicago.org)
- 2520 S Western Ave, Chicago, IL 60608

## Jewish Child and Family Services

- Call 855-027-5237
- Visit [jcfs.org](http://jcfs.org)
- 230 W Monroe St, Ste 1100, Chicago, IL 60606
- Language: Russian, Spanish, Dari, Pashto, Swahili, Luganda, English, French

## Legal Aid Chicago

- Call 312-341-1070
- Visit [legalaidchicago.org](http://legalaidchicago.org)
- 120 S LaSalle St, Ste 900 Chicago, IL 60603
- Language: English, Spanish, interpreters

## Metropolitan Family Services

- Call 312-986-4105 and leave a voicemail
- Visit [laschicago.org](http://laschicago.org)
- 101 N Wacker, Suite 1700, Chicago, IL 60606
- Language: English, Spanish, interpreters available

## Middle Eastern Immigrant & Refugee Alliance

- Call 773-409-4597, Email [info@mirachicago.org](mailto:info@mirachicago.org)
- Visit [mirachicago.org](http://mirachicago.org)
- 6420 N California Ave, Upper A, Chicago, IL 60645
- Language: English, Arabic, Assyrian, Dari, Pashto, Turkish

## Muslim Women Resource Center

- Email [legal@mwrcnfp.org](mailto:legal@mwrcnfp.org)
- 2828 W Devon Ave, Chicago, IL 60659
- Language: Arabic, Dari, English, Farsi, Hindi, Pashto, Russian, Ukrainian Urdu, Uzbeki

## National Immigrant Justice Center (NIJC)

- Call 312-660-1370 for regular intake. Call the detention hotline at 773-672-6599 if you or a loved one are detained
- Visit [immigrantjustice.org](http://immigrantjustice.org)
- 111 W Jackson Blvd Suite 800, Chicago, IL 60604
- Language: English, Spanish, French, Turkish, Portuguese, Farsi, Russian, Arabic, Pashto, Urdu, Dari, Bulgarian, German

## Raise The Floor Alliance

- Call 312-795-9115
- Visit <https://www.raisetheflooralliance.org>
- 1 N. LaSalle St, Chicago, IL 60602
- Language: English, Spanish, Bengali

## RefugeeOne

- Visit [www.refugeeone.org](http://www.refugeeone.org)
- 6008 N California Ave, Chicago, IL 60659
- Language: Refugee One's existing staff has language capacity for over 30 languages

## Spanish Community Center

- Call 815-727-3683
- Visit [www.spanishcenter.org](http://www.spanishcenter.org)
- 52 W Jackson St, Joliet, IL 60432

## Syrian Community Network

- Call 773-654-1218 or email [immigration@syriancommunitynetwork.org](mailto:immigration@syriancommunitynetwork.org)
- Visit [www.syriancommunitynetwork.org](http://www.syriancommunitynetwork.org)
- 5439 N Broadway Ave, Unit 1, Chicago, IL 60640
- Language: Arabic, Dutch, English, Spanish

## The Resurrection Project

- Call 312-666-3062
- Visit [trplegalservices.as.me/schedule.php](http://trplegalservices.as.me/schedule.php)
- 1805 S Ashland Ave, Chicago, IL 60608

## United African Organization

- Call 312-949-9980
- 6042 S Indiana Ave, Chicago, IL 60637
- Language: English, French, Twi, Yoruba, Mandingo (Bambara), Moore, Urdu, Amharic, Wolof, Fon, Igbo, Hausa, Lingala, Portuguese

## University YMCA

- Call 217-417-5897, Email [laline@universityymca.org](mailto:laline@universityymca.org), fill out intake form [nawc.universityymca.org/programs/ifs](http://nawc.universityymca.org/programs/ifs)
- Visit [nawc.universityymca.org](http://nawc.universityymca.org)
- 301 S. Vine St, Ste 102, Lincoln Square Mall, Urbana, IL 61801
- Language: Chinese (Mandarin), English, Spanish French, Korean, Lingala, Q'anjob'al, Taiwanese Hokkien

## Vietnamese Association of Illinois

- Call 773-728-3700, Email [vaiappointments@hnvi.org](mailto:vaiappointments@hnvi.org)
- Visit [hnvi.org](http://hnvi.org)
- 5110 Broadway St, Chicago, IL 60640
- Language: English, Vietnamese, Spanish, Thai, Tigrinya

## World Relief Chicagoland

- Call 773-583-9191
- Visit [worldrelief.org/chicagoland/immigration-legal-services/client-resources](http://worldrelief.org/chicagoland/immigration-legal-services/client-resources)
- 191 S. Gary Ave, Ste. 130, Carol Stream, IL 60188

Sevis oganizasyon sa yo disponib an angle ak espanyol sof si yo di yon lot bagay



**Pou mizajou ak resous, swiv  
\*\*@ChicagosIMRR\*\* sou  
Instagram.**

